**दिन—बुधवार** **दिनांक—23.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

जम्मू कश्मीर मे काल्हि दूपहर अनंतनाग जिलाक पहलगाम इलाका मे आतंकवादी सभ पर्यटकक एक गोट समूह पर हमला कयलक। ई हमला श्रीनगर सँ करीब पचासी किलोमीटर दूर पहलगामक बैसरन वन क्षेत्र मे भेल। हमला मे कतेको पर्यटक लोकनिक मृत्यु भऽ गेल। मृतक मे बिहारक रोहतास के अकोढ़ी गोला निवासी आईबी अधिकारी मनीष रंजन सेहो शामिल छथि। ओ आईबी के हैदराबाद कार्यालय मे पदस्थापित छलाह। एम्हर, हमला करयवला के पकड़बाक लेल सुरक्षा बल इलाका मे घेराबंदी आ तलाशी अभियान शुरू कऽ देलनि अछि।

---

रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह आइ तीनू सेनाक शीर्ष अधिकारी लोकनिक संग कश्मीर घाटी मे सुरक्षा स्थितिक समीक्षा कयलनि। रक्षा सूत्र जनौलक अछि जे सेना प्रमुख जनरल उपेन्द्र द्विवेदी, नौसेना प्रमुख एडमिरल दिनेश त्रिपाठी आ वायु सेना प्रमुख एयरचीफ मार्शल ए.पी. सिंह एवं अन्य वरिष्ठ अधिकारी लोकनि पहलगाम आतंकी हमला के देखैत मौजूदा सुरक्षा स्थिति के बारे मे श्री सिंह कैँ जानकारी देलनि।

---

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पहलगाम आतंकी हमला मे मासूम पर्यटक लोकनिक हत्याक कड़गर निंदा कयलनि अछि। राज्यपाल एहि घटना पर गहिंर पीड़ा व्यक्त कयलनि। ओ एहि आतंकी हमला के कायरतापूर्ण बतौलनि। मुख्यमंत्री निर्दोष नागरिकक हत्या पर गहिंर दुःख व्यक्त कयलनि अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि मधुबनी मे राष्ट्रीय पंचायती राज दिवसक अवसर पर आयोजित कार्यक्रम मे देशभरि के ग्रामसभा के संबोधित करताह। एहि अवसर पर श्री मोदी राष्ट्रीय पंचायत पुरस्कार–दु हजार पचीस प्रदान करताह। संगहि लगभग तेरह हजार पांच सय करोड़ टाकाक लागतिवला बुनियादी ढांचा परियोजना देश के समर्पित करताह। एहि मौका पर श्री मोदी पीएम आवास योजनाक आठ लाख लाभुक सभ कैँ राशि जारी करताह। संगहि राज्यक चारि नव एयरपोर्टक निर्माण काजक शिलान्यास करताह। प्रधानमंत्री जयनगर–पटना नमो भारत एक्सप्रेस ट्रेनक शुरूआत सेहो करताह। श्री मोदी समस्तीपुर आ सहरसाक बीच नव सवारी गाड़ी के हरियर झंडी सेहो देखेताह। प्रधानमंत्रीक कार्यक्रम के देखैत सुरक्षा कड़गर कऽ देल गेल अछि। दरभंगा, मधुबनी, समस्तीपुर आ नेपाल सँ सटल सीमा क्षेत्र मे चौकसी बढ़ा देल गेल अछि।

———————————————————————

जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा जनौलनि अछि जे प्रधानमंत्रीक कार्यक्रम काल्हि अपन निर्धारित समय पर सादगीक संग होयत। ओ कहलनि जे स्वागतक लेल बुके, गुलदस्ता आदि नहि देल जायत आ ढ़ोल बाजा सेहो नहि बजाओल जायत।

———————————————————————

अठारह सय सत्तावनक क्रांतिक नायक बाबू वीरकुंवर सिंहक विजयोत्सव–शौर्य दिवसक अवसर पर वायु सेनाक सूर्य किरण टीम पटना मे दू दिवसीय एयरोबैटिक–एयर शो के अंतिम दिन अद्भूत कारनामाक प्रदर्शन कयलनि। बिहार मे पहिल बेर एहि तरहक आयोजन भेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ केन्द्रीय रक्षा राज्यमंत्री संजय सेठ पटना मे जे.पी. गंगा पथ पर आयोजित एहि एयर शो के उद्घाटन कयलनि। एयर शो मे शामिल नौ ट्रेनर जेट विमान कतेको रोमांचकारी हवाई करतब देखयलक। जे दर्शक लोकनि कैँ मंत्र–मुग्ध कऽ देलक। जेट विमानक टीम सटिक कॉम्बीनेशन मे उड़ैत डायमंड, एयरो हेड आ वी फॉरमेशन बनौलक। पैराग्लाइडिंग टीम सेहो अपन हवाई करतब सँ लोकसभ कैँ रोमांचित कयलाह। कार्यक्रम के देखबाक लेल सभ्यता द्वार पर पैघ संख्या मे लोक उपस्थित छलाह।

———————————————————————

बाबू वीरकुंवर सिंहक विजयोत्सवक अवसर पर भोजपुर जिला मुख्यालय आरा के कुंवर सिंह पार्क आ जगदीशपुर किला मे हुनकर प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल। एहि अवसर पर स्थानीय सांसद सुदामा प्रसाद, पद्‌म श्री भीम सिंह भवेश समेत कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। पोप फ्रांसिस के निधन पर तीन दिवसीय राष्ट्रीय शोकक घोषणाक कारण एहि वर्ष राजकीय समारोह सादा ढंग सँ मनाओल गेल।

———————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय सत्तरम बीपीएससी परीक्षा रद्‌द करबाक मांग के खारिज कऽ देलक अछि। न्यायमूर्ति दीपांकर दत्ता आ न्यायमूर्मि मनमोहन कँ पीठ आइ एहि संबंध मे दायर याचिका पर सुनवाई करैत कहलनि जे पेपर लीक के लऽकऽ अभ्यर्थी आ कोचिंग शिक्षक लोकनि द्वारा पेश सबूत अपर्याप्त अछि। ध्यातव्य अछि जे पटना उच्च न्यायालय बीपीएससी सत्तरम परीक्षा रद्‌द करब संबंधी मांग के पहिनहि खारिज कयलाक बाद अभ्यर्थी लोकनि सुप्रीम कोर्ट मे अपील कयने छलाह।

———————————————————————

प्रदेशक अधिकांश भाग मे अत्यधिक गर्मी आ लू के स्थिति बनल अछि। एहि सँ जनजीवन खराब तरहें प्रभावित भऽ रहल अछि। मौसम विभाग अगिला तीन दिन धरि प्रदेशक बेसीतर भाग मे हॉट डे के चेतावनी जारी कयलक अछि। विभाग कहलक अछि जे एहि दरमियान गया, जहानाबाद, सारण, सीवान, कैमुर, रोहतास, बक्सर, पटना, औरंगाबाद समेत प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम भाग मे कतेको स्थान पर लू चलबाक संभावना अछि। एहि लऽकऽ लोकसभ सँ सावधानी बरतबाक अपील कयल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल